



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 27 jen 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NEW YORK SE DEZYÈM PWODIKTÈ SIWO ERAB POU LANE 2014

New York Reyalize Twazyèm Meyè Lane pou Pwodiksyon Erab nan 20 Dènye Lane yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse Eta New York te kenbe pozisyon li kòm dezyèm pwodiktè siwo erab nan peyi a nan lane 2014, kote li pwodi 546.000 galon siwo erab ak 2.2 milyon antay, dapre Sèvis Statistik Agrikòl Nasyonal USDA. Grasa a travay di pwodiktè erab devwe eta a, se twazyèm meyè ane pou pwodiksyon erab nan 20 dènye lane yo.

“Se yon lòt ane rekò pou pwodiktè erab New York, ki yon lòt fwa ankò pwouve sektè agrikòl eta a klase pami meyè yo nan peyi a pou pwodi kalite siperyè yo,” te deklare Gouvènè Cuomo. “M ap prezante felisasyon mwen bay pwodiktè erab nou yo pou reyalizasyon enpòtan sa, epi mwen ankouraje tout Nouyòkè pou yo goute kèk nan pwodi nivo mondyal vandè lokal nou yo ap ofri yo.”

Sektè erab eta a te gen anpil pwoblèm ane sa apre long mwa fredyè fevriye ak mas yo, kote te gen plizyè peryòd tan kote pa te gen ankenn pwodiksyon. Se te yon pwoblèm pou pwodiktè kap itilize ansyen teknoloji bokit ak chalimo gravite, paske lè pwodiksyon sèv te kanpe pandan ivè a, antay te fèmen epi sèv te sispann koule. Pwodiktè kap itilize nouvo chalimo aspirasyon vid te kapab byen konsève antay yo epi fè yo fonksyone, sa ki te pèmèt yo pwodi siwo erab pandan tout sezon an.

Nou ka jwenn pwodi erab Eta New York, tankou siwo ak krèm, nan magazen Taste NY ki sou New York State Thruway ak Taste NY Market la nan Todd Hill ki twouve l sou Taconic State Parkway. Yo byen vizib nan evenman Taste NY nan tout eta a, sa ki pèmèt pwodiktè erab prezante pwodi yo epi ogmante lavant yo. Anpil pwodiktè erab mete etikèt Pride of NY sou pwodi yo ki nan plizyè episri ak mache agrikòl, yon fason pou fè pwomosyon yo antanke pwodi agrikòl New York.

Manm Komisyon Agrikilti Eta a, Richard A. Ball, te di konsa, “Mwen admire depi lontan travay di ak devouman yo mete nan fè siwo erab New York, kote rezilta yo estab nan tou senpleman. Mwen te patisipe nan yon pakèt wikenn evenman erab nan kòmansman lane 2014 la, san bliye youn elèv FFA yo òganize ak yon lòt nan North Country a. Sektè erab New York fyè pou travay li, kòm sadwa. Anons sa se yon prèv pozitif ki montre sektè erab nou an gen zouti ak epi angaje l pou leve tout defi pi devan.”

Dwayne Hill, Prezidan Asosyasyon Pwodiktè Erab Eta New York, te di konsa, “Chak ane, Lanati raple nou li la epi pousantaj koulè siwo erab ki pwodi a depann pou anpil sou faktè onivo anviwonman. Ane sa, te gen yon pousantaj siwo jòn pal tou piti, ak twaka nan rekòt la ki varye ant koulè jòn ki pa twò pal ak fonce. Se yon bon bagay pou konsomatè paske pi fò savè erab popilè yo se koulè pa twò pal yo ak sonb.”

Prezidan New York Farm Bureau a, Dean Norton, te di konsa, “Pwodiktè erab New York yon lòt fwa ankò gen yon sezon estraòdinè. Yo dwe jwenn konpliman pou inovasyon ak travay di kap fèt nan chan sik erab ak nan kabann sik atravè eta a. Pwodiktè erab reprezante yon pati enpòtan nan agrikilti New York, epi mwen ta renmen ankouraje konsomatè pou yo sipòte pil ak pakèt pwodi bon nan bouch yo fè yo.”

Sant erab Asosyasyon Pwodiktè Erab Eta New York la twouve l nan Horticulture Building lan nan Fwa Great New York State la nan Syracuse, ki fèt soti dat 21 out jiska premye septanm. Bwa ki antoure sant erab la soti nan yon pye erab ki te konn bay siwo. Ane sa, Asosyasyon an gen lentansyon prezante yon sistèm chalimo ki fonksyone ak dlo (nan plas sè) kap koule atravè liy sè klè nan yon devèswa. Devèswa a pral plen ak ponpe regilyèman pou kreye bri ak yon splash. Asosyasyon an ap konsevwa tou yon mòso pye bwa koupe pou montre jan sè la koule monte desann nan pye erab la lè tanperati a chanje.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou erab nan Eta New York, tanpri ale sou www.nysmaple.com.

###

Wa p jwenn lòt nouvel nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

WE WORK FOR THE PEOPLE
PERFORMANCE * INTEGRITY * PRIDE